

“Football” and “Netball”

Shona transcript:

Mimwe yemitambo inozivikanwa ine mukurumbira kuno nemitambo ine mikurumbira kuZimbabwe zvakasiyana. Ndingati kuZimbabwe ukanzwa vanhu vachiti football football football, haverevi football zvinonzi nevanhu kunoku, inonzi American football. KuZimbabwe vanhu vanonyanyotamba soccer. Soccer ndingangoti tinongozivawo tese but kunoku haina nyanyombiri sembiri iri kuZimbabwe. Soccer ndingangoti ndomutambo watinoona sewakaitwa muna2010 kumaworld cup akaitirwa kuSouth Africa. Ah Chimwe chandingati chakasiyana panyaya dzemitambo ndingati kune mitambo zvekare unonzi netball unotambwa muzvikoro. Ndingati mutambo uyu kunoku ndakaona sekuti vamwe vandaimbotaura navo pashamwari dzangu hapana anonyatsakuziva mutambo uyu. Ndingati *netball* mutambo wakada kufanana nenetball. Saka netball vanhu vanenge vachikandirana bhora vachigamuchidzana asi mutemo unozosiyana pakati pebasketball nenetball panyaya dzekutambidzana idzodzi, inyaya yekuti basketball munhu anokwanisa kumhanya nebhora achiribhambisa achiita sei asi netball munhu akangoera abata bhora mumaoko ake haazotenderwi nemitemo kuti arambe achienda nebhora kana kuti achimhanya naro. Anobva aridzirwa pembe. Zvinobva zvasiyana, asi chimwe chakangoti fananei ndechekuti vese vanenge vachida kuenda kundomwisa kughedhe rimwe chete.

Ndingati zvakafanana nemitambo yakaita sana golf. KuZimbabwe mutambo wakadaro hongu uriko unotambwa asi hauna nyanyombiri zvakanyanya. Ndingati sekunoku pachikoro pangu kunotova nezvidzidzo zvekutamba golf zvinova zvinhu zvausingawanzi wawana kuZimbabwe. Ndingati kuZimbabwe kana wava kuUniversity kune mitambo inonyanyo kutarisirwa kwete kuti unotoenda kuchidzidzo zvekudzidzira kuti golf inotambwa sei muchidzidza. Ndingati ndizvo zvimwe. Mutambo uyu vanhu vazhinji ndingati majority yeZimbabwe hainyanyi kutamba mutambo uyu asi kune vamwe vanotamba zvavo vanoufarirawo.

English translation:

Some of the sports popular here¹ and the sports popular in Zimbabwe are different. In Zimbabwe, if you hear people saying “football, football,” they do not mean football like the one here, which is known as American football. In Zimbabwe people usually play soccer. Soccer is the sport that was played in South Africa for the World Cup in 2010. Ah, the other thing that is different in terms of sport is netball, which is played in schools. Of all the people that I have talked to here, and amongst my friends, none of them really understands this game. Netball is like basketball. In netball, people will be throwing and passing balls to each other, but the rule that differentiates basketball from netball in terms of passing the ball is that, in basketball, a person can run with the ball, bouncing it and doing other things, but in netball, once you lay your hands on the ball, you are not allowed to move or run with the ball. The whistle would blow.

¹ “here” refers to the U.S.

That's the difference, but the other thing that is identical is that both sports aim to score by shooting the ball towards the goal post.

The same applies with golf. In Zimbabwe, we do have golf, but it is not very popular. For example, here at my college we have golf lessons, something you will never find in Zimbabwe. In Zimbabwe, when you are at University, there are sports that are commonly played, but no one would expect to find golf lessons. These are some of the differences. This sport,² the majority of people in Zimbabwe do not play the game, but there are other individuals who play it and like it.

About CultureTalk: CultureTalk is produced by the Five College Center for the Study of World Languages and housed on the LangMedia Website. The project provides students of language and culture with samples of people talking about their lives in the languages they use every day. The participants in CultureTalk interviews and discussions are of many different ages and walks of life. They are free to express themselves as they wish. The ideas and opinions presented here are those of the participants. Inclusion in CultureTalk does not represent endorsement of these ideas or opinions by the Five College Center for the Study of World Languages, Five Colleges, Incorporated, or any of its member institutions: Amherst College, Hampshire College, Mount Holyoke College, Smith College and the University of Massachusetts at Amherst.

© 2013 Five College Center for the Study of World Languages and Five Colleges, Incorporated

² Golf